

# Sibvansyon FEMA Yo P Ap Afekte Lòt Benefis Yo

Release Date: Jun 15, 2023

Sibvansyon FEMA yo pa yon salè ke w ka peye taks sou li. Lè ou aplike pou asistans apre yon dezast, sa pa pral afekte lòt benefis federal ou ka ap resevwa yo.

Si ou apksepte sibvansyon FEMA, sa pa pral afekte elijibilite ou pou benefis pou Sosyal Sekirite, Medicare, Medicaid, Pwogram Asistans Nitrisyonèl Sipleman tè (SNAP) ak lòt pwogram benefis federal yo.

Sibvansyon pou katastwòf yo ede sivivan yo peye pou lojman tanporè, reparasyon kay esansyèl, ranplasman pwopriyete pèsònèl esansyèl ak lòt bezwen grav ki gen rapò ak katastwòf ke asirans oswa lòt sous pa kouvri.

Sivivan katastwòf nan Broward County ki te gen domaj oswa pèt ki pa gen asirans nan gwo tanpèt, tònad ak inondasyon ki te fèt 12-14 avril yo kapab aplike nan FEMA pou asistans federal.

## Aplike nan FEMA

- Gen plizyè fasn pou w aplike: 1) [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov), 2) telechaje aplikasyon FEMA pou aparèy mobil yo, 3) rele nimewo telefòn gratis FEMA Helpline nan 800-621-3362. Liy telefòn sa disponib soti 7 am rive a 11 pm ET. W ap jwenn èd nan preske tout lang yo. Si w itilize yon sèvis relè, tankou relè videyo (VRS), telefòn ki gen soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo w pou sèvis sa a. Ou ka aplike an pèsòn tou, vizite yon Sant Rekiperasyon Dezast.
- Pou w ka gade yon videyo aksesib sou kijan pou w aplike pou asistans, ale nan [FEMA Aksesib: Twa Fason pou Enskri pou Asistans FEMA pou Katastwòf](#).

Dat limit pou aplike an se 27 Jwen 2023.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Florid apre gwo tanpèt, tònad ak inondasyon, vizite [floridadisaster.org/info](https://www.floridadisaster.org/info) ak [fema.gov/disaster/4709](https://www.fema.gov/disaster/4709). Swiv FEMA sou Twitter nan [FEMA Region 4 \(@femaregion4\) / Twitter](#) and at



FEMA

Page 1 of 2

[facebook.com/fema.](https://facebook.com/fema)



**FEMA**